ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№37 (21.445) ● 2009 гъэм мазаем (февралым) и 27 мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Депутат лэжьыгъэ

Зы илъэс Iуэхукъым

«Зыуэ щыт Урысей» партым и унафэщI Путин Владимир цIыхухэм щаIущIэ IуэхущIапIэу Налшык щыIэм махуитIкIэ щылэжьащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат, Думэм Бюджетымрэ финансхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Васильев Юрий. А зэманым къриубыдэу «Зыуэ щыт Урысей» партым и деж республикэм щыпсэухэм къыщаIэта Iуэхугъуэу 8-м ар хэплъащ.

Васильев Юрий.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ВАСИЛЬЕВЫМ къилъытащ цIыхухэм Налшык къыщаIэт Iуэхухэм я нэхъыбэр гъэзэщIэгъуафIэу. Абы игъэщIэгъуащ улахуэр зэрат щIыкIэм, лэжьапIэ зэрыIуагъэкIам, пенсэр щагъэувкIэ къызэрабж Iэмалхэм е ар щаткIэ зэрагъэгувэм игъэгузавэу партым и IуэхущIапIэм зыри къызэремыкIуэлIар.

- КъызэрысфIэщIымкIэ, ар и щыхьэтщ республикэм социальнэ щытыкIэфI зэриIэм. Уэрамым ирикIуэ цIыхухэр погуфIыкI, гузэвэгъуэ я нэгу къищкъым. Ар икъукIэ гуапэщ, - жиIащ абы.

Къэрал Думэм и депутатым гу лъитащ муниципальнэ IуэхущIапIэхэр гугъу зэрехьым, партым и приемнэм къекIуалIэ цIыхухэм псэупIэ-коммунальнэ IуэхухэмкIэ ядэIэпыкъуну зэрыщIэлъэIум.

- ПсыкIэ, газкIэ я унэхэр къызэгъэпэщыным, нэгъуэщI псэупIэ-коммунальнэ Iуэхугъуэхэм дадэIэпыкъуным щIэлъэIур мащIэкъым. А IэнатIэр Урысей псом нэхъ щыгугъуэм ящыщщ, - жиIащ Васильев Юрий.

Абы икъукIэ зыщыгуфIыкIыпхъэу къилъытащ къэрал Iуэху къэзыIэт цIыхухэр партым и IуэхущIапIэм къызэрекIуалIэр. Псалъэм папщIэ, дзэм къулыкъу щызыщIахэм пенсэ зэрыхуагъэув щIыкIэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэныр, хьэрычэтыщIэхэм я налог тыкIэр зэхъуэкIауэ нэхъ тынш щIыныр, абыхэм хуэдэ Iуэхухэр псом япэ къыщыIэтын хуейр Къэрал Думэращ.

Васильевым зэрыжиIамкIэ, иужьрей илъэсым къриубыдэу республикэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр игъуэтащ. Ар зэрыпэжым и щыхьэт щапхъэу къигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхуэшхуэ зэрытемылъыжыр, лъэпкъ зэхущытыкIэхэм гулъытэ нэхъ ягъуэт зэрыхъуар, дотацэ ахъшэу ар зыхуэныкъуэ бжыгъэми зэрыхэщIар.

Депутатыр темыпсэлъыхьу къэнакъым Дунейпсо финанс кризисми. Абы и Iэужьхэр Урысейм щыгъэзэкIуэжыным хухахащ сом триллиони 5. Дауи, ар ахъшэшхуэщ. ИтIани, мы гъэм и бюджетым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэу, абы Iуэхухэм тригъэкIуэдэну сом бжыгъэр процент 30-м щIигъукIэ ягъэмэщIэн хуей хъунущ. Ауэ ар зэран хуэхъунукъым къэралым къалэн зыщищIыжа социальнэ Iуэхугъуэхэр, лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным, бюджет IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэ Iэмалыншэхэми. Халъхьэ ахъшэр зыхэщIынур псом япэ инвестицэ Iуэхухэращ. Гулъытэ нэхъ зыхуащIынур мэкъумэш IэнатIэрщ. ИкIи ар ди республикэм и фейдэ зыхэлъ Iуэхущ, и мэкъумэш комплексыр IэнатIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытым къыхэкIыу.

Васильев Юрий Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу Къэрал Думэм хаха депутатщ. Ар пIалъэ кIыхькIэ ди республикэм щыпсэуащи, фIыуэ щыгъуазэщ ди щIыналъэм и Iуэхур зытетым.

- Сэ икIи сыурысщ, икIи сыадыгэщ, икIи сыбалъкъэрщ. Аращ Къэбэрдей-Балъкъэрым ифI зыхэлъ Iуэху фIэкIа Къэрал Думэм къыщытIэтыну дыщIыхуимытри, - жиIащ абы.

«Зыуэ щыт Урысей» партым и IуэхущIапIэр къызэрызэIуахрэ куэд мыщIами, Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ дэIэпыкъуэгъу къыщалъыхъуэу, абы цIыху 1000-м щIигъу къекIуэлIащ. Нэхъыбэм ядэIэпыкъуфащ партыр, ауэ щыIэщ, къаIэт Iуэхур зэрыгугъущэм къыхэкIыу, зэкIэ зэрагъэтIылъэкIахэри. Апхуэдэщ Iэдииху къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къумыкъу Залымхъанрэ а жылагъуэщIэм и курыт еджапIэм и егъэджакIуэ КъуэщIысокъуэ Мариерэ къызытекIухьари.

А къуажэр къызэрыунэхурэ куэд мыщIами, и курыт еджапIэ закъуэм и унэ блынхэр къэчащ, щхьэгъубжэхэр хэфыхьащ, и пэшхэр егъэлеяуэ цIыкIущ. Жылагъуэм абы нэхърэ нэхъ ин административнэ унэ дэткъыми, сыт хуэдэ зэхуэсри, хэхыныгъэхэри хиубыдэу, щекIуэкIыр аращ. АтIэ, зэбгъузэнатIэу метри 4-5-м нэхъ ин пэш еджапIэм щыIэкъым, спортзал, актовэ пэш яIэкъым.

- НобэкIэ Iэдииху цIыху 2500-рэ щопсэури, абы щыщу сабийхэр 800-м щIегъу. Къуажэм и еджапIэр цIыхуи 120-рэ зэрыщеджэнум хуэщIауэ арищи, абы щIэмыхуэ цIыкIухэр Налшык къакIуэурэ щеджэн хуей мэхъу. Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен и унафэкIэ, мылъку хухахари, цIыху 550-рэ зэрыщеджэнум хуэгъэпса, спортзал, актовэ пэш инхэр зыхиубыдэ еджапIэм и проектыр ягъэхьэзырат. Ар мы гъэм яухуэну жаIа щхьэкIэ, кризисым и зэранкIэ планым яхухэгъэхьэжакъым, - жеIэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къумыкъу Залымхъан.

«Зыуэ щыт Урысей» партри а IуэхумкIэ Iэдииху дэIэпыкъуфакъым. Абы и ухуэныгъэм текIуэдэнущ сом мелуани 130-рэ. Ар зы илъэсым зэфIэкIыну Iуэхукъым.

- Сэ икъукIэ сыщыгуфIыкIынущ, республикэм и Президентым фи къуажэм щаухуа еджапIэщIэ къызэIуихыу илъэси 3-4 дэкIа нэужь слъагъумэ, - жиIащ Васильев Юрий, Iуэхур щызэфIэкIыну пIалъэр къыщигъэлъагъуэм.

ГЪУЩIО Зариф.

IэщIагъэлIхэр ирагъаджэ

МАЗАЕМ и 18-м зэхэтащ Урысей Федерацэм и цIыхубэ хозяйствэм и IуэхущIапIэхэм папщIэ унафэщI кадрхэр гъэхьэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ комиссэм и зэIущIэ.

Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ, комиссэм и унафэщI **Тхьэзэплъыж Мурат.**

Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, «2007-2008, 2012-2013 гъэхэм Урысей Федерацэм и цIыхубэ хозяйствэм и IуэхущIапIэхэм папщIэ унафэщI кадрхэр гъэхьэзырыным теухуа Къэрал планыр гъэзэщIэным и IуэхукIэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м республикэм и Правительствэм къищта Унафэм тету, нэгъабэ и мазаем къыщыщIэдзауэ и мэлыжьыхь пщIондэ къызэрагъэпэщащ икIи зэпэщу ирагъэкIуэкIащ 2008-2009 гъэ еджэгъуэм ягъэхьэзырыну IэщIагъэлIхэр къыщыхаха зэпеуэр. Зэхьэзэхуэм кърикIуам ипкъ иткIэ, зи тхылъхэр зыта кандидат 64-м щыщу 24-р зи гугъу тщIы Программэм хагъэхьащ. Зэпеуэм жыджэру хэтащ узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэхэм, къалэхэмрэ районхэмрэ щыщхэр.

Мэзкуурэ Санкт-Петербургрэ нобэ я щIэныгъэм щыхагъахъуэ ди республикэм икIа IэщIагъэлIу 23-м. 2007-2008 гъэ еджэгъуэм и Программэм хагъэхьауэ щыта IэщIагъэлI 22-м щыщу 19-м ар хъарзынэу къаухащ. А Iуэхум хухахащ сом мин 434-м щIигъу. Ирагъэджахэм щыщу зэпеуэкIэ къыхаха цIыхуиплIым Германием, Норвегием, Японием нэгъабэ я щIэныгъэм щыпащащ, мы гъэми Германиемрэ Франджымрэ IэщIагъэлIу 3 ягъэкIуэнущ.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алий** комиссэм хэтхэр хигъэгъуэзащ 2009-2012 гъэхэм унафэщI кадрхэр гъэхьэзырынымкIэ Программэм щIэуэ халъхьэнухэм. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, псэуныгъэр къызэзыгъэпэщ IэнатIэхэр егъэфIэкIуэныр социально-экономикэ политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. УнафэщI кадрхэр гъэхьэзырынымкIэ Программэм дяпэкIэ хагъэхьэнущ лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэныр къызэзыгъэпэщыну IэщIагъэлIхэр егъэджэнри. Абы ипкъ иткIэ, мэлыжьыхьым и 30 пщIондэ ахэр къыщыхахыну зэпеуэхэр ирагъэкIуэкIынущ.

Министрым комиссэм хэтхэмрэ ирагъэблэгъахэмрэ къыхуриджащ, экономикэм и нобэрей щытыкIэр зэпкърахын папщIэ, гъатхэпэ - мэлыжьыхь мазэхэм властымрэ бизнесымрэ я лIыкIуэхэр, социальнэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, президент программэм тету ирагъэджахэр зыхэт Iуэхугъуэхэр (зэхыхьэхэр, конференцхэр, «стIол хъурейхэр») къызэрагъэпэщыну.

Къыхалъхьа Iуэхур я деж зэрыщагъэзащIэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ Iуащхьэмахуэ районымрэ Прохладнэ къалэ округымрэ я Iэтащхьэхэм я къуэдзэхэу **Афэшокъуэ Раисэ, Васильченкэ Евгение, Крецкий Евгений** сымэ. Ирагъэджа IэщIагъэлIхэм ящыщхэми зрагъэгъуэта щIэныгъэр зыхуэдэр зэхуэсахэм хуаIуэтащ.

Программэм ехьэлIауэ дяпэкIэ зэлэжьынухэр ягъэбелджыла нэужь, Урысей Федерацэм и Правительствэм деж цIыхубэ хозяйствэмкIэ щыIэ Академиер нэгъабэ къэзыухахэм Тхьэзэплъыж Мурат дипломхэр яритыжащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ** , республикэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Пащты Борис**, комиссэм щыщхэмрэ IэнатIэ унафэщIхэмрэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Шэрэдж куей

Къэщхъэтау ГЭС-р и кIэм нагъэс

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Шэрэдж куейм щыщыIам Къэщхъэтау ГЭС яухуэм и Iуэху зытетыр зригъэщIат икIи ялэжьамкIэ арэзы хъуат.

«Рус-Гидро» ОАО-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Соттаев Алий зэрыжиIамкIэ, ухуэныгъэр и кIэм нос, ар мы гъэм яутIыпщынущ.

ЩIымахуэм бетон зыгъэжхэм я лэжьыгъэр зэпыуащ, зэрыщIыIэм къыхэкIыу, ауэ хуабэ хъужмэ, къэнэжам зэман куэд текIуэдэнукъым. Къэщхъэтау ГЭС-р ухуэным сом меларди 5 текIуэдащ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

● Май куей

Сом мелуани 180-рэ и уасэ

«Ленинцы» мэкъумэш IуэхущIапIэм мы зэманым Iэщышхуэу мини 2,5-м нэс иIэщ. СХПК-м и унафэщI Бердюжэ Владимир щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, 2008 гъэр хозяйствэм хуэIеякъым.

IУЭХУЩIАПIЭМ лыхэкIыу, гъэшхэкIыу, хадэхэкIыу къилэжьащ сом мелуани 180-рэ и уасэ. Ар сом мелуани 2,5-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ хэхъуэу яIам нэхърэ. Мэкъумэш предприятэм и IэнатIэ псоми лэжьыгъэр тэмэму къыщызэгъэпэщащ. Аращ хозяйствэм фейдэшхуэ зэриIэр зи фIыгъэри. «Ленинцы» СХПК-м и лэжьакIуэхэм мы зэманым улахуэу ику иту сом мини 10 ират. Ар мащIэкъым. КъимыдэкIэ, предприятэм къищэхуащ сом мелуани 10 и уасэ мэкъумэш техникэ.

Мы илъэсым я мурадщ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ щелэжь заводыр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэрагъэпэщыну, электрокъарур зэзыгъэзахуэ Iэмэпсымэщ Iэхэр ягъэувыну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ЩIэпхъаджагъэ

Дахагъэр зигу темыхуэхэр

Налшык и зыгъэпсэхупIэхэр зэтезыкъутэ гупыр иджыблагъэ пщыхьэщхьэм яубыдащ, иджыри зы щIэпхъаджагъэ щалэжьа щIыпIэр ябгынэным хунамыгъэсу. Мы зэм абыхэм я хьэщхьэрыIуагъэр щагъэлъэгъуар ЗэгурыIуэныгъэм и утыкурат.

НЫБЖЬЫЩIЭ чэф гупым губжьауэ тетIысхьэпIэхэр зэтракъутэрт. Ар зылъэгъуар РОВД-м псэлъа нэужь, а щIыпIэм нэсащ милицэм и лейтенант Вэрокъуэ Анзоррэ ППС-м и лэжьакIуэхэмрэ. Яубыдахэр цIыхуи 10 мэхъури, абыхэм ящыщу 7-р илъэс 18 ирикъуакъым. ТIум зыкъаумысыжащ хабзэншагъэ къалэ жыг хадэми, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым дежи, нэгъуэщI щIыпIэхэми зэрыщалэжьамкIэ. Яубыдахэм ящыщ зы Ку. З. СГУ-м и япэ курсым щоджэ, мыпхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьхэм япэу яхэтауэ аращ. Iуэхур зэхагъэкI.

Яубыдахэм я адэ-анэхэм МВД-м и лIыкIуэхэр дыгъуасэ яIущIащ. Милицэм и участковэхэм я 1-нэ отделенэм и унафэщI, подполковник Тембот Артур зэрыжиIамкIэ, щIэпхъаджащIэхэр зэраубыдар зи фIыгъэр къалэдэсхэм и чэзум хъыбар къызэрырагъэщIарщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, хьэщхьэрыIуагъэ хэлъу, Налшык и зыгъэпсэхупIэхэр иужьрей мазэм зэтракъутэ зэпытт, абы цIыху куэд игъэгубжьат. Мы гъэм къалэм игъуэтащ хэщIыныгъэу сом мин 400, нэгъабэ сом мелуани 2 хуэдиз и уасэ.

● Хэхыныгъэ-2009

Шынагъуэ щыIэнукъым

РЕСПУБЛИКЭМ и Парламентым и депутатхэр 2009 гъэм гъатхэпэм и 1-м зэрыхахынум зыщыхуагъэхьэзыр, хэхыныгъэхэр щекIуэкI лъэхъэнэм законым къигъэувхэм тетыныр къызэгъэпэщынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и деж щыIэ лэжьакIуэ гупым я зэIущIэ екIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI Тупикин Андрей, Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу республикэм щыIэм, УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъБР-м щыIэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, хэхыныгъэм теухуа законодательствэр къызэпаудауэ нобэм къэс къыщIагъэщакъым. Апхуэдэ Iуэхухэм ятеухуа тхьэусыхафэ е тхыгъэ республикэм и ХэхакIуэ комиссэм е хабзэхъумэ органхэм къаIэрыхьакъым. ХэхыпIэ участкэ псори хэхыныгъэм хуэхьэзырщ, абыхэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным пыщIа зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр щокIуэкI.

Хэхыныгъэр щекIуэкIыну махуэм лэжьакIуэ гупым хэтхэр езыхэм я лэжьапIэм (Налшык къалэ, Кулиевым и уэрам, 16) сыхьэти 8-м щыщIэдзауэ сыхьэт 22-м нэсыху щыIэнущ икIи хэхыныгъэмкIэ законодательствэр къыщызэпауд къамыгъэхъун, апхуэдэ Iуэхухэр къыщIагъэщын, ахэр и зэманым ягъэзэкIуэжын папщIэ хэхакIуэ комиссэхэмрэ хабзэхъумэ органхэмрэ зэпымыууэ япыщIауэ щытынущ.

Апхуэдэ гупхэр къалэ, район прокуратурэхэми къыщызэрагъэпэщащ икIи абыхэм я къалэнщ зыпэмыплъа сыт хуэдэ Iуэхуми теухуауэ КъБР-м и прокуратурэм щыIэ лэжьакIуэ гупым икIэщIыпIэкIэ хъыбар ирагъэщIэну.

ЛэжьакIуэ гупым я телефоныр - **40-45-51**.

Настаев Борис Токъмакъ и къуэр унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Шэрэдж щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2009 гъэм мазаем и 26-м *Налшык къалэ* *№46/8-1*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ я хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 20, 22, 26 статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукIэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2 статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 7 статьям, «Я полномочиехэм я пIалъэр зэриухам къыхэкIыу щIэуэ къызэрагъэпэщыжын хуей щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я спискэмрэ абыхэм хэтыну цIыху бжыгъэмрэ я IуэхукIэ» 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм къищта унафэ №109/10-1-м япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм у**нафэ ещI:**

1. Унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Шэрэдж щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн **Настаев Борис Токъмакъ и къуэр**, 1943 гъэм къалъхуар, профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэр, Шэрэдж районым и «Сабийхэм я творчествэмкIэ район унэ» сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт муниципальнэ IуэхущIапIэм и методисту лажьэр, «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къигъэлъэгъуар.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къыщытедзэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН Андрей
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

ЩIалэгъуалэм яхуозэ

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я кандидату «Зыуэ щыт Урысей» партым и спискэм иратхахэр, партым и щIыналъэ къудамэм и секретарь Жэрыкъуэ Борис я пашэу, нобэ республикэм и щIалэгъуалэм яIущIэнущ. Апхуэдэ жэрдэм къыхэзылъхьар КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэрщ икIи а зэIущIэр щрагъэкIуэкIын папщIэ Профсоюзхэм я унэр яхухихащ.

ЩIалэгъуалэр щыгъуазэ ящIынущ иджырей социально-экономикэ псэукIэм хэзэгъэн папщIэ щыIэ Iэмалхэм, абыхэм нэхъыжьхэр зэрадэIэпыкъуну щIыкIэм, апхуэдэу артист ныбжьыщIэхэми къызэхуэсахэм концерт нэгузыужь ирагъэлъагъунущ. Утыкум къихьэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием, УФ-м и МВД-м Краснодар дэт и академием и къудамэм щеджэхэр. ЗэIущIэм и кIэухым абы хэтахэм художественнэ фильм ирагъэлъагъунущ.

УЛЬЯНОВЭ Татьянэ.

Нэрыбгейхэм топсэлъыхь

● ТхылъыщIэ

Мазаем и 24-м ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ къудамэм Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ и Къэбэрдей-Балъкъэр институтым зэIущIэ хьэлэмэт щекIуэкIащ.

ЩIДАА-м и Президиумым щызэхэта щIэныгъэ семинарыр теухуауэ щытащ Ахъмэт МуIэед и «Адыгэ амазонкэхэр» тхылъым. Ахъмэтым къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ тхылъым къыщыгъэлъэгъуэжа Iуэхугъуэхэм лъабжьэ яхуэхъуам, адыгэ тхыдэм къыхэщыж нэрыбгейхэм я хъыбарым езыр зригъэгупсысахэм. Семинарым хэтахэми тхылъыр къазэрыщыхъуар жаIащ, къыхагъэщащ ар гъэщIэгъуэну, узыIэпишэу зэрытхар. А псом къыдэкIуэуи, абыхэм упщIэхэр я мащIэтэкъыми, дэтхэнэри арэзы къэзыщI жэуап тхылъым и авторым къаритащ.

Семинарым хэтащ филологие щIэныгъэхэм я доктормэу, КъБКъУ-м и профессорхэу Щоджэнцыку Нинэрэ Габуние Зинаидэрэ, институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэхэр.

УНЭШХУЭЛI Ларисэ,
Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и библиотекэм и унафэщI.

Дунейм щыхъыбархэр

«Бушерыр» яух

Урысейм Ираным щиухуэ «Бушер» атом электростанцым пыщIа лэжьыгъэхэр зэфIэкIащ.

Абы и реакторхэр зэрылажьэм еплъати, дагъуэншэщ. Дыгъуасэ а реакторхэр лэжьэн хуэдэу щаутIыпщым, кърихьэлIат «Росатом» къэрал предприятэм и унафэщI Кириенкэ Сергей. Абы зэрыжиIамкIэ, «Бушер» АЭС-р Урысеймрэ Иранымрэ зэгъусэу ягъэлэжьэн папщIэ, зэхэту зы предприятэ къызэгъэпэщыным теухуауэ зопсалъэхэр.

Мэзкуу кърагъэблагъэ

НАТО-м и Секретарь нэхъыщхьэ Урысейм къригъэблэгъащ.

Гъатхэпэм и 27-м Москва щекIуэкIынущ ШОС-м хыхьэ къэралхэм я унафэщIхэм я зэIущIэ. «Ар зытеухуауэ щытынур зы Iуэхугъуэщ - Афганистаныр мамыр хъужыныр», - жиIащ Урысейм и лIыкIуэу НАТО-м щыIэ Рогозин Дмитрий. Вэсэмахуэ ар Брюссель щыIущIащ альянсым хыхьэ къэрал 26-м я лIыкIуэхэм.

КъищынэмыщIауэ, Рогозин Дмитрий гу зэрылъитащи, НАТО-мрэ Урысеймрэ зэмыпсалъэу хъунукъым Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я Iуэхухэм теухуауи.

Мылъку къомэщIэкI

Урысей Федерацэм финансхэмкIэ и министр Кудрин Алексей зэрыжиIамкIэ, 2009 гъэм и федеральнэ бюджетым къыхэхъуэн хуейщ сом триллиони 6,3-рэ.

Абы щыгъуэми, ар щызэхалъхьэм, къэралым сом триллиони 9,3-рэ къигъэсэбэпын хуейуэ яубзыхуат. Яхуримыкъуну ахъшэм щыщу триллиони 2,7-р къэралым и ГъэтIылъыгъэ фондым къыхахынущ, адрей ахъшэр къэрал кIуэцI рынокым щIыхуэу къыщащтэнущ. Министрым зэрыжиIамкIэ, мы гъэм Урысейм и бюджетым къыхэхъуэ ахъшэм процент 42-р хэщIынущ, итIани, бюджетым къигъэсэбэпыну ахъшэм хэхъуэнущ сом мелард 500-кIэ.

Ар пэж?..

Кубэр, Иранып, КНДР-р, Суданыр, Сомалир, Мьянмэр, Зимбабвер США-м яхибжащ цIыхум и хуитыныгъэхэр псом хуэмыдэу къыщызэпауд къэралхэм.

США-м и къэрал департаментым и IэщIагъэлIхэм къалъытэ Урысейми, Китайми, Пакистанми, Афганистанми, Иракми, нэгъуэщI къэрал зыбжанэми цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ Iуэхухэр щымыщIагъуэу.

НОБЭ

♦1919 гъэм Морзе и алыфбейм и пIэкIэ, радиотелефон передатчикым и фIыгъэкIэ эфирым къыщыIуащ цIыху макъ. Ар щызэпкъралъхьат Нижегородск щыIа радиолабораторэм. А махуэм радиотеленэтынхэр, радиотелефониер, Урысейм и радиоэлектрон IэнатIэр къэунэхуауэ ялъытэ.

♦Москва щызэхэтынущ СНГ-м хыхьэ къэралхэм я хьэрычэтыщIэ пажэхэм я Ассамблеем и зэIущIэ.

♦«Европэм и псы Iуфэ» зи фIэщыгъэцIэ, дунейпсо архитектурэ-къалэухуэкIэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэр Санкт-Петербург къыщагъэлъэгъуэнущ.

♦Мазаем и 27-28-хэм Красноярск щекIуэкIынущ экономикэмкIэ VI форум.

♦1945 гъэм **Мэсей Аслъэнджэрий** Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ.

♦ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэт 6-рэ дакъикъэ 49-м, къухьэжынущ сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 52-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакъикъи 3-рэ.**

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIО З ариф.**

● Ди хэгъэгу республикэхэм

«Бабушарэ» ягъэхьэзыр

АБХЪАЗ. ***Республикэм и «Сыхъум дунейпсо аэропорт» IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Хильчевский Виктор зэрыжиIамкIэ, къалэм щыIэ «Бабушарэ» кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэр и лэжьыгъэм хуэхьэзырщ.***

«АЭРОПОРТЫР иджыблагъэ къапщытащ Урысей Федерацэм и IэщIагъэлIхэм икIи дагъуэ гуэри хуащIакъым. Ар хуэхьэзырщ сыт хуэдэ кхъухьлъатэ лIэужьыгъуэри къызэрыщытIысыным. Апхуэдэу щытми, иджырей зэманым къезэгъ техникэрэ IэмэпсымэхэмкIэ «Бабушарэ» къызэгъэпэщын хуейщ», - жиIащ Хильчевский Виктор.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Куржы-Абхъаз зауэм и пэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм деж «Бабушарэ» Iуэхутхьэбзэ яхуищIэрт цIыху минитхум щIигъум, щымахуэми - зы миным. Иджыпсту абы къыщотIысэх УФ-м и дзэ кхъухьлъатэхэмрэ вертолетхэмрэ.

Республикэм и унафэщIхэм шэч къытрахьэркъым «Бабушарэ» кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэм и Iуэхутхьэбзэхэр граждан цIыхухэм къагъэсэбэпу зэтраублэжмэ, щIыпIэ бюджетым хэхъуэфI зэриIэнум.

Гулъытэ хэха

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и щIыпIэ правительствэмрэ УФ-м и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и къудамэу Краснодар крайм щыIэм хэтхэмрэ я зэIущIэ иджыблагъэ Адыгейм щекIуэкIащ.***

Республикэм и премьер-министр КъумпIыл Мурат зэIущIэм къыщыхигъэщащ ухуэныгъэ IэнатIэм зегъэужьыным, гулъытэ хэха зэрыхуащIыр икIи абы и лъэныкъуэкIэ къадэIэпыкъуну хьэщIэхэм захуигъэзащ.

Адыгеймрэ Краснодар краймрэ я ухуэныгъэхэм ахъшэ къыхегъэлъхьэнымкIэ щIыналъэхэр зэдолажьэ, абы ехьэлIауэ инвестицэ политикэмкIэ IэнатIэ къызэрагъэпэщащ.

Къэрал дамыгъэхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий и унафэкIэ, къэрал дамыгъэхэр иджыблагъэ иратащ Чернобыль АЭС-м къыщыхъуам и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным хэлIыфIыхьахэм, зи узыншагъэр хэзылъхьахэм ящыщу республикэм и цIыхуиблым.***

«1986 ГЪЭМ Чернобыль къыщыхъуа насыпыншагъэм и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным псэемыблэжу фыхэтащ. Ар и щыхьэтщ къэралым фызэрыхуэпэжым. ЛIыгъэшхуэ зефхьащи, ар зэи цIыхухэм ящыгъупщэнукъым. Къэрал дамыгъэхэр къызэрыфхуагъэфэщами ар къегъэлъагъуэ», - яжриIащ чернобыль щыIахэм республикэм и президент Эбзеев Борис.

Ахъшэк Iэ зыщIагъакъуэ

«КъэщIэрэщIэжыныгъэ» псапащIэ фондым и жэрдэмкIэ, иджыблагъэ Iуэху щхьэпэ республикэм щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщат хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъу.

ПСАПАЩIЭ Iуэхум къыхэкIа ахъшэр иратащ сабий ныкъуэдыкъуэхэм, зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда милиционерхэм я унагъуэхэм.

Концертым хэтащ республикэм и артист цIэрыIуэхэр, къэфакIуэ гупхэр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дахэ жызымыIэм укъигъапцIэркъым.

Ислъамым и нур

ФIыгъуэхэм я нэхъыфIыр

КъурIэн лъапIэм и Iэятхэм къарыкIхэм ятеухуа мы тхыгъэм щыгъуазэ фыщыхуэтщIынщ Iал-Хьимран (Хьимран и бынунагъуэр) сурэм щыщ Iэятитхум я тафсирхэм.

14. ЩIыхур ягъэщIэращIэ (ягъэгуфIэ, гухэхъуэ, дэрэжэгъуэ кърат) **псэр зытхьэкъухэм: щхьэгъусэхэм** (ахэращ гукъыдэжыр нэхъыбэу къызыбгъэдэкIыр), **къуэхэм** (ахэр бынхэм яхэIэтыкI, адэм нэхъыбэрэ къыдоIэпыкъури, лъэпкъыр зыгъэбагъуэщи, адэр дунейм ехыжамэ, нэхъ фIэлIыкI яIэу, адэ пэлъытэу унагъуэм къонэри, щIэблэмкIэ щапхъэфI мэхъури), **мылъку зэхуихьэсахэм, дыщэхэм, дыжьынхэм, шы лъэпкъыфIхэм, Iэщ зэмылIэужьыгъуэхэм** (махъшэ, былым, мэл, бжэн хуэдэхэм), **гъавэхэкIхэм хуащI лъагъуныгъэм. А псори «дуней насып» жыхуаIэращ. Ауэ Алыхьым и дежщ нэхъыфIыр здэщыIэр** (А псалъэхэм я мыхьэнэр зыхуэкIуэжыр, дуней хьэхум зыдумыгъэхьэхыу, ахърэтыфIым ущIэхъуэпсын, ухущIэкъун зэрыхуейрщ).

15. ЯжеIэ (Мухьэмэд): **«НыфхуэсIуэтэн дуней фIыгъуэхэм нэхърэ нэхъыфIыр? Алыхьым фIэлIыкIхэм Абы и деж щагъуэтынущ псынэпс телъыджэхэр щыпщIыпщI жэнэт хадэхэр, ахэр** (Iиман зиIэхэр) **мы щIыпIэ гъуэзэджэм уахътыншэу щыпсэунущ, я щхьэгъусэ къабзэхэр ящIыгъуу, Алыхьым и арэзыныгъэр къалъысауэ»** (мы Iэятыр цIыхухэм щахуиIуатэм Алыхьым и лIыкIуэ лъапIэм жиIэу зэхихауэ Хъудрий Iэбу-Сэхьид къызэринэкIащ мы хьэдисыр:

«Алыхь Иныр жэнэтым исхэм ящIэупщIэнущ, «Арэзы фыхъуа?» - яжриIэнурэ. Абыхэм мыпхуэдэ жэуап къаты-

●Iэятхэм я дерсхэр

нущ: «Дыарэзыщ, псори дызыхуэжыIэщIэ ди Тхьэ лъапIэ! ДынасыпыфIэщ, фIыгъуэ псори Уэращ зыIэщIэлъыр! Дауэ дымыарэзынрэ, куэдым ялъымыса фIыгъуэшхуэр тыгъэ къытхуэпщIащ!»

«НэхъыфIыжи фэстын?» - щIэупщIэнущ ДыкъэзыгъэщIар. Абы и псалъэхэр модрейхэм ягъэщIэгъуэнущ, «Уэ къэдэптам нэхърэ нэхъыфIыжу зыгуэр щыIэуи?» - жыхуаIэу.

«Си арэзыныгъэр фызот! - къажриIэнущ Тхьэ лъапIэм. - Зэи си губжьыр ныф лъэIэсынукъым»). **Алыхьым елъагъу и пщылIхэр** (Абы ещIэ дуней фIыгъуэм хэтхъыкIахэм ящыщу и пащхьэм щигъэлъэпIэну зыхуэфащэхэр; псоми яритыжынущ я лэжьыгъэм пэкIуэр).

16. (Алыхь Ину Лъагэу ЛъапIэм, фIыгъуэшхуэ зритыну Iэят кIуам къыщигъэгугъахэм я гугъу ищIурэ, и псалъэхэм адэкIи къыпещэ). **Мыпхуэдэу жызыIэхэр: «Ди Тхьэ, Iиман къэтхьащ** (У эркIэ, Уи фIыцIагъэхэмкIэ, Уи лIыкIуэхэмкIэ), **ди гуэныхьхэр къытхуэгъэгъу, жыхьэнмэ мафIэм и хьэзабми дыщыхъумэ».**

17. ШыIэныгъэ зыхэлъхэри (хьэлэл къыхуащIар зэзыхьэлIэу хьэрэмхэм зыщызыдзейхэр), **фIэщхъуныгъэм къигъэувхэр зыгъэпэжхэри, диныр къабзэлъабзэу нықъусаныгъэншэу зыIыгъхэри** (Алыхьым хуэжыIэщIэ цIыху щыпкъэхэр), **цIыху жумартхэри** (Тхьэм фIэлIыкIыу, псапащIэ мылъкухэр зыгуэшхэр, къэбгъэлъагъуэмэ, зи щхьэм папщIэ мылъку зытхэр, зи Iыхьлыхэм, благъэ хэм яхуэупсэхэр, зи фIыгъуэ хэм сэджыт хэзыгъэкIхэр, хьэлэлагъым, цIыху-

фIагъым и щапхъэхэр зыгъэлъагъуэхэр), **нэхущым и пэкIэ Тхьэм гъэгъуныгъэкIэ елъэIухэри** (псапэ нэмэз ящIу).

18. Щыхьэт тохъуэ Алыхьри, мелыIычхэри, дин щIэныгъэ зиIэхэри Езым (ДыкъэзыгъэщIам) **къищынэмыщIауэ тхьэ зэрыщымыIэм, Ар захуагъэм зэрытетым** (Алыхьым наIуэу къегъэлъагъуэ и закъуэныгъэр, абы щыхьэт тохъуэ мелыIычхэри, динымкIэ еджагъэшхуэхэри. «Дин щIэныгъэ зиIэ» псалъэхэр хьалимхэм къазэрыгурыIуэр зэхуэмыдэущ. Языныкъуэхэм хуагъэфащэ а псалъэхэм я мыхьэнэр зыхуэкIуэжыр бегъымбар хэрауэ, нэгъуэщIхэм зи гугъу ящIыр ехуд, чыристан щIэныгъэлIхэрщ, Сэлам и къуэ Абдуллахьрэ абы и гъусэхэмрэ хуэдэхэрщ. ЩыIэщ а псалъэхэм «Iиман зиIэ, дин щIэныгъэ зыбгъэдэлъ» мыхьэнэ езытхэри. Алыхьым зэрегъакIуэ къигъэщIа псоми я Iуэхухэр, ерыскъыкIэ хэти хуоупсэ, я лэжьыгъэхэм я пщIэри игъэкIуэдыркъым) **Тхьэ щыIэкъым** (къытрегъэзэжри, гупсысэр щIегъэбыдэ) **Езы лъэщу Iущым нэмыщI.**

ПЩЫХЬЭЩIЭ ЛатIиф, *диным и лэжьакIуэ.*

●УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

ФIэщхъуныгъэ зиIэхэр

Мэжджытым сыщыхуэзэри, цIыхугъэ схуэхъуащ цIыхубз тхьэгурымагъуэ. Абы къызжиIэфащ си гъащIэр къызэрекIуэкIар, сызыхэхуа гугъуехьхэр. СогъэщIагъуэ: пэжщ къысхуиIуэтахэр. Си къэкIуэнур зыхуэдэнури къызигъэщIащ. Си фIэщ сщIы хъуну пIэрэ къыспэплъэу къысхуигъэнэIуахэр?

АБЫ къыбжиIахэр уи фIэщ пщIымэ, уи гъащIэри екIуэкIынущ абы къызэрыпхуигъэфащэм хуэдэу. ЗапыIудз апхуэдэ цIыхухэм. Ахэр ещхьщ афияным, узыщIашэ, уи гупсысэр ягъэутхъуэ, зэран къыпх уохъу. Алыхь закъуэращ фIыгъу эу щыIэмкIэ дызыщыгугъыпхъэр.

Иджырей зэманым къемыкIуу жаIэ сабыру, укIытэхыу ущытыныр. Дауэ ислъам диныр абы зэреплъыр?

САБЫРУ, щэныфIэу ущытыныр хьарзынэщ. Апхуэдэ цIыхум зыкъыфIэщIыжыркъым, и щхьэр иIэтыркъым, зигъэщIагъуэркъым. Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарым жиIауэ щытащ щэныфIагъэмрэ Iиманымрэ быдэу зэпыщIауэ. Мыпхуэдэ хьэдиси щыIэщ: «ЩэныфIагъэр къызыхэкIыр Iиманырщ, узыхуишэр жэнэтырщ. УкIытэншагъэмрэ емыкIумрэ къэзылъхур гум и быдагъэрщ, гущIэгъуншагъэрщ, апхуэдэ хьэл-щэнхэм цIыхур хашэнущ жыхьэнмэм».

КъурIэным итхэм ящыщ куэдыр си дежкIэ зэIубз дыдэкъым. ФыкъыздэмыIэпыкъуфыну пIэрэ, псалъэм папщIэ 13-нэ сурэм и 11-нэ Iэятым къикIыр къызгурыIуэнымкIэ?

А IЭЯТЫМ жеIэ мыпхуэдэу: «Абы (Алыхьым) иIэщ (мелыIычхэр), зэкIэлъхьэужьу къакIуэурэ, цIыхум и гупэми къиувэу, и щIыбымкIи къыдэувэрэ, Алыхьым и IэмыркIэ ар къахъумэу. Алыхьым зы жылэми я псэукIэр ихъуэжынукъым езыхэм я гупсысэкIэр ямыхъуэжауэ. Алыхьым жылэм хьэзаб ятрилъхьэну хуеймэ, ар зыми къигъэувыIэфынукъым, Езым нэмыщIи къащхьэщыжын яIэкъым».

НэгъуэщIу жыпIэмэ, Алыхьым и унафэкIэ мелыIычхэм махуэми жэщми цIыху цIыкIухэр къахъумэ. Къахъумэ дэтхэнэ зыри, фIэщхъуныгъэ зиIэри зимыIэри. Зыгуэрым хьэзаб къытрилъхьэну Тхьэм мурад ищIамэ, мелыIычхэр IуокIуэ т, Тхьэм фIэлIыкIыу. Алыхьым цIыхухэм я псэукIэр ирегъэфIакIуэ, гущIэгъу яхуищIурэ, цIыхухэр фIым щыхущIэкъукIэ. Ауэ гуэныхь куэд къэзыхьхэм къапэплъэр яхуэфащэ тезырхэрщ. Тхьэм щIыгум щыпсэухэм мыгъу агъэ гуэрхэр (щIыуэпс къулейсызыгъэ, экономикэ кризис хуэдэхэр) къахуигъэфащамэ, Абы зыри пэувыфынукъым. Аращ зи гугъу тщIа Iэятым и купщIэр.

Сэ зэман-зэманкIэ щIызоджыкI КъурIэныр, абы итхэр иджырей лъэхъэнэм къызэредгъэзэгъыпхъэм сегупсысурэ. Псалъэм папщIэ, спорт гимнастикэмкIэ екIуэкI зэхьэзэхуэхэм дауэ цIыхубзхэр зэрыхэтынур, Шэрихьэтым къызэригъэувым хуэдэу хуэпауэ? КъурIэным зы псалъи иткъым героин, кокаин жыхуаIэхэм теухуауэ. Ауэ абы, дауи, къикIыркъым а щхъухь бзаджэхэр зэпхьэлIэми хъуну. Сэ си нэгу къысхущIэгъэхьэркъым нэмэз зымыщI си гъунэгъу цIыхубз хэкIуэтар, псапэ куэд дыдэ зылэжьыфыр, жыхьэнмэм хадзауэ. Сэ сощIэ фадэр зимыжагъуэ цIыхухэр, IэужьыфI дыдэхэр зиIэхэр, зэрыщыIэр. Ахэри жыхьэнмэм ягъэкIуэну?

МыкIуэнкIэ гугъапIэ яIэ хъунущ, сабэ налъэ цIыкIу хуэдиз фIэкIа мыхъуми, фIэщхъуныгъэ зиIэхэр, фIы зыщIэну, зи гуэныхьхэр зыпшыныжыну хущIэкъухэр. ФIэщхъуныгъэ (Iиман) зиIэр нэгъуэщIхэм я дежкIэ хеящIэ хъунукъым. ХеящIэр псори ДыкъэзыгъэщIарщ, ДызыIэщIэлъырщ, Дыкъэзыгъэхъужынурщ. ФIэщхъуныгъэ зиIэм нэгъуэщIхэр иузэщIыну и боршщ езым игъэлъагъуэ щапхъэфIхэмкIэ, хьэл-щэн дахэхэмкIэ.

АЛЯУТДИНОВ Шамил. *«Мир души» тхылъым къитхащ.*

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

Сыт хуэдэ динми цIыхур хуокIуэ щхьэусыгъуэ гуэркIэ. Сэ къызэрысщыхъумкIэ, нэхъыбэу ар къызыхэкIыр Iэмалыншагъэмрэ гузэвэгъ уэмрэщ. «Уафэр гъуагъуэмэ, щхьэж и гуэн йоуэ ж», - жи адыгэ псалъэжьым. Гу зэвэгъуэр къыщыплъыскIэ, хэт зи цIэ жыпIэр, хэт бэлыхьыр пщхьэщызыхынкIэ узыщыгугъыу уэзэлъэIур? Аращ, зи къарур ин ди Алыхьышхуэрщ. Ауэ дегъэгупсысыт, ярэби, гузэвэгъ уэм дыпэплъэу щхьэ дыщысын хуей, Дыкъэзыгъэщ Iауэ дызыгъэпсэу, дызыгъалIэу дыкъэзыгъэт эджыжыну, г ущIэгъур зибэ Алыхьталэм гъусэ дыхуэхъун папщIэ?

Нэхъапэхэм, коммунистхэм я хьэмтетыгъуэм, КъурIэн зыIэщIэлъхэм, диным и лэжьакIуэхэм къызэджа «ФIыцIагъэм» къикIыр къызыгурыIуэу яхэтар закъуэтIакъуэмэ, иджы, Iэлъхьэмдулиллахь, КъурIэныр лъэпкъыбзэ куэдкIэ зэдзэкIауэ пэрыхьэтщ. Зи псапэр бэгъуэн адыгэ тхакIуэ, узэщIакIуэ хьарзынэх эм ди анэдэлъх убзэмкIэ къыдагъэкIа Тхылъ лъапIэх эр ди гуапэу щIыдоджыкI.

Алыхьталэм и закъуэныгъэр, абы и щыIэныгъэр, Иблис и хьэгъэщагъэхэр зэрыт тхыгъэхэри куэд хъуащи, догуфIэ.

Абыхэм зи гугъу ящI щапхъэхэм ящыщ зыр - Абхъаз Республикэм ДинымкIэ и управленэм къыдигъэкI «Баракят» газетым урысыбзэкIэ къытехуауэ щыта мы хъыбарыр - фи пащхьэ нызолъхьэ, зэрысхузэфIэкIкIэ адыгэбзэм къизгъэтIэсауэ.

Къаплъэнэф

Къамыгупсыса хъыбар

«ИЛЪЭС щэщIым сынэса къудейт си щхьэгъусэмрэ сэрэ сабий щыдгъуэ там. «УщIалэху у отхъэ», - жыхуаIэм срещхьт. Ауэ сытхъэми къыщымынэу, сыегъэлеят. А жэщыр сыпсэуху сщыгъупщэжынкъым. Сэ схуэдэ щхьэпсыншэ гуэрхэм срапашэу, дыкъавэ-дыкъакъэу, дунейр тх уримыкъуу у эрамым дыдэ т. Зы мыхьэнэншэм щхьэкIэ дыдыхьэшхыу, блэкIми къыблэкIыжми дащыхьэу, фIэгъэнапIэ къэтлъыхъу эу. Сэрат, дунейр зыхуримыкъ уу, кIэкIэ зезыхьэр: зыгуэрхэр ауан сщIыуэ, си макъым зезгъэхъуэжрэ зыпысщIыжу, сычачэу, сыпщIэуу э, ар сфIэлIыгъэшху эу, псори згъэдыхьэшхыу сыдэ т т. Апхуэдизу сыудэфати, факъырэ хьэфиз тхьэмыщкIэ дблэкIым си лъакъуэр пэщIэздзу щызгъэджэлам, абы игу щIэгъуу къэзыгъэтэджыжын къытхэмыкIыу, ар т фIэауану, дыдыхьэшхыу дыщытащ.

Зэрыхабзэу, а пщыхьэщхьэм - пщыхьэщхьэ щыIэжт - жэщыбгым, фIыуи сыкъэжанауэ, унэм сыкъыщIыхьэжащ. Си щхьэгъусэр къызэжьэу щыст, ар нэсыпауэ уэндэгъушхуэ т. - «УздэщыIар дэнэ, Рашид?» - ерагъыу къыхудэшей къудейуэ къызэупщIащ и макъ кIэзызымкIэ. - «Марсым цIыхугъэкIэ къыдгухьэхэм я деж хьэщIапIэ сыщыIащ», зызэкIэщIэсшурэ, ауан хэлъу изотыж жэуапыр. Абы и фэр пыкIарэ, и нэпсх эри ху эмыубыдыжу, «Ра-шид, - жи, с-с-сэ с-сыхьэ-лъэщ, уи фIэщ хъункъым, сы-хьэ-лъэ дыдэщ». ИтIанэщ къыщызгурыIуар абы и Iуэхур зэрынэсыпар. И чэзур къэсащи, ди сабийр дунейм къытехьэнущ…

СыпIащIэу, си щхьэгъусэр сымаджэщым нызогъэс. ЩIашэри, сыхьэт бжыгъэ куэдкIэ хьэзабыр телъащ. И Iуэхур кIыхьлIыхь щыхъу м, доху-

тырхэм си телефоныр къахуэзгъанэщ - «зэфIэкIмэ, фынэпсалъэ», - яжесIэри, сыкъэкIуэжри сыгъуэлъыжащ.

Зы сыхьэт нэхъ дэмыкIыу телефоныр къыщызум, сыкъыщылъэтри, сымаджэщым сынэсащ. Дохутырым и деж сызэрыщIыхьэу, къызжеIэ: «Iуэхур гугъусыгъуу екIуэкIами, тэмэму зэфIэкIащи, Тхьэм и фIыщIэщ, ауэ сабийм и нэхэм сэкъат ягъуэтауэ къыщIэкIынущ». Абдежым факъырэ хьэфизым есщIар си нэгу къыщIохьэжри, си щхьэм сопхъуэ ж: «О-у-у, ди Тхьэ! Мыр сыт, сщIа щIэщхъу бзаджэ мыгъуэр къысщIэмыкIуауэ ара?»

Псалъэ къысхудэмышейуэ тэлайкIэ сыщысащ, итIанэ си щхьэгъусэмрэ сабиймрэ сигу къэкIыжщ, дохутырхэм фIыщIэ яхуэсщIри, фызыр зыщIэлъ пэшым сыщIыхьащ. Ар сэ схуэдэу гужьеятэкъым, зэпIэзэрыту, Тхьэм фIыщIэ хуищIу, Iэдэбу щыст. Зыкъысхуегъазэри щабэу къызошхыдэ: «Мы дэ къытщыщIам Iущ уищIу, дяпэкIэ цIыху хейм лей иумыхыжыну пIэрэ?» Куэд дэмыкIыу зэанэзэкъуэр сымаджэщым къыщIэсшыжащ.

Сабийм си гур бгъэдыхьэртэкъым: ар щыIэми щымыIэми си зэху эдэт. Абы и гъы макъыр схуэшэчыртэкъым, адрей пэшым, бжэр къэзгъэбыдэжырти, сыщIэст. Си щхьэгъусэр аратэкъым, щIалэ цIыкIур фIыуэ илъагъурт, и зэман псори абы тригъэкIуадэрт: ар игъашхэу, ихуапэу,

игъэдж э гуу бгъэ дэст. Сэ абы гу лъызмытэу аратэкъым, ауэ фIыуэ схуэлъагъуртэкъым. Сэлим илъэс ирикъуу, зекIуэ щыхъум, зэрыщIакъуэри къэтлъэгъуащ. «Къуийм и щIыIу гуэрэф», - жыхуаIэрати, ари си гукъеуэм къыхэхъуащ. Абы и ужькIэ щIалитI - Умаррэ Хьалидрэ - дгъуэтыжащ.

Арати, гъащIэр макIуэ, Сэлим хохъуэ. Сэ унэм сыщIэзагъэртэкъым, сахэтт си ныбжьэгъухэр згъэгу фIэу. Сэ абыхэм фIы дыдэу сыкъалъагъу хуэдэу защIми, фэрыщIыгъэт псори, хьэжыгъафэу сраIэу арат. Си щхьэгъусэр, куэд щIауэ абы гу лъитауэ, зэ зыкъэсщIэжу гъуэгу тэмэмым сытеувэжыну лъаIу эрт. Си щхьэпсыншагъым ар къигъэгубжьыртэкъым, ауэ иризэгуэпырт. Нэфхэр щрагъаджэ школ гуэрым Сэлим иритыну мурад щищIам сыпэрыуакъым. Зэманыр екIуэкIырт, шхэным, жеиным, хьэулеиным сыкъыдэмыхуэурэ. Зы мэрем махуэ гуэрым, шэджагъуэ хуэкIуэ хъуауэ, сыкъэтэджщ, зыкъэсхуапэщ, зыкъызэщIэзупсэщ, зыкъэзгъэтэрэфарэри, сыкъыщIэкIынрэ пэт, Сэлим и гъы макъ шэчыгъуейр си пэшым къыщIэIукIыу зэхызох. Абы къигъэщIа илъэсипщIым къриубыдэу арат япэу гу щылъыстар. Ар щыгъкIэ и анэм игъэу дэIужу, аддэ пэш пхыдзам и макъыр къыщIэIукIыу зэхэпх къ удейт. Сэ сыкъызэтеувыIэщ, сыбгъэдыхьэри: «Щхьэ угърэ, Сэлим?» жысIэу сыщеупщIым, гъын щигъэтыжри, сызэрыпэмыжыжьэр къищIауэ, и Iэ цIыкIухэмкIэ сыкъиIэбэрэбыхьу хуожьэ, сэ къызэрызгурыIуамкIэ, ар нэхъ жыжьэу збгъэдэкIуэтыну арат зыхэтыр, хамэм хуэдэу сыкъилъытауэ. «Сыпхуейкъым! Сыпхуейкъым! Дэнэ нэхъапэхэм уздэщыIар?» - къызиутIыпщри, лъэпэрапэу и пэшым щIыхьэжащ. Сэ абы зыкъомрэ къызжиIэну хуеякъым щIэгъам и щхьэусыгъуэр, ауэ седэхащIэурэ, гуапэу сыщепсалъэм, щIэгуIэр къысхуиIуэтащ. И къуэш нэхъыжь Умар мэжджытым ишэн хуейт ар жумхьэ нэмэзым, абы къыкIэрыхумэ, ипэ тIысыпIэр къы-

лъымысыжынкIэ шынэу арат зыгъэгулэзыр. Ар Мурат еджащ, и анэми лъыхъуащ, щымыхъуххэм, гъыуэрэ, си деж къыщIыхьауэ арат. Абы и напIэ цIыкIу зэтепIахэм нэпсыр къызэрыщIэлъэлъыр слъагъурт, ауэ ху эсщIэнур сщIэртэкъым. И щхьэ цIыкIур зэскъузылIэри, Iэ дэслъэурэ «Ара, Сэлим ущIэгъыр? - жызоIэ - Умыг узавэ абы щхьэкIэ! Сэ усшэнкъэ?..»

Мэжджытым сыкъызэрыщIэмыхьэжрэ Iэджэ щIат, ауэ нобэ хуэдэу сигъэпIейтейуэ, сызыщIигъэгупсысыжауэ сщIэжыркъым. КупщIэншэу, тафэт елэу, унагъуи цIыхугъи сфIэмыIуэхужу сызэрыхьэ улеям сыхущIегъуэжарэ си щхьэр къыс хуэмыIэту, Сэлим и Iэпэр сIыгъыу сыкIуэцIрокI. Мэжджытым цIыхур щIэзми, япэ сатырым тIысыпIэ къыщыдгъуэтри, дызэбгъурысу хьутIбэм дедэIуащ, итIанэ Сэлим си гъ усэу, хьэуэ, сэ абы сригъусэу, нэмэз тщIащ, Тхьэ делъэIуащ. Нэмэзыр щызэфIэкIым, Сэлим къызэлъэIури, КъурIэн къыхуэсхьащ.

Зи нэм имылъагъур КъурIэн зэреджэнур къызгурымыIуэу сыкъэ уIэбжьат, ауэ и жагъуэ сымыщIын щхьэкIэ IэщIэслъхьащ. «ЕпщыкIуиянэ сурэр къызэгуэхыт» - жиIэу, ар къэслъыхъуэу сыщыхуежьэм, Сэлим КъурIэныр сIэщIихщ, и пащхьэм ирилъхьэри, и нэр иуфIыцIауэ КъурIэным къеджэ у щIидзащ. ТелъыджэI! Гъэхуауэ, сурэр гукIэ ищIэу къыщIэкIащ. Сэ абдежым сыкIуэцIрыхуамэ нэхъ къэсщт энт, апху эдизу сыукIытати. КъурIэныр къасщтэри, щхьэкъэIэт симыIэу зыкъомрэ Тхьэм селъэIу ащ сызэрыкъуэншахэр гущIэгъу къысхуищIыу къысхуигъэгъ уну, зэрыхъу ари сымыщIэу, си нэпсхэр къысфIыщIэжащ. Мэжджытым къыщIэнау э,Тхьэ елъэIуу щIэсхэм сащыукIытэр т, ауэ сэ зыри зыхэсщIэжыртэкъым си нэпсхэр схуэзылъэщIыж Сэлим и Iэ цIыкIуитIым фIэкIа. Сэ ар си бгъэм ескъузылIэри седэхащIэурэ, жысIащ: «Уэракъым, си щIалэ, нэфыр, сэращ хьэфизыр, си нэхэр къаплъэми,

зыри слъагъуркъым, сыкъаплъэнэфщ. Сэращ дуней нэпцI кIыфIыгъэм щызэблах шейтIан шхыныгъуэхэмкIэ къагъапцIэу, жыхьэнмэм сызэрыхуашэр нобэ къэс зымылъэгъу ар. Уэращ сэ гъуэг у пхэнжым сыкъытезышыжу Алыхьталэм и гъуэгу захуэр къысхуэзыгъуэтыжар! АфэрымI..»

Абдежым къыщыщIэдзауэ, зы нэмэз уахътыи блэзмыгъэкIыу сощI, мэрем къэси - жумхьэ махуэм, Сэлими си гъусэу мэжджытым сокIуэ. Си «ныбжьэгъу» хьэкIэпычхэри скIэрыхужауэ, муслъымэн къуэшхэм сахэтщ. Абыхэм си нэр къагъэплъэжащ, дуней нэхум сыкъытрашэжащ. Мазэ къэс тIэу-щэ КъурIэн сокI, фIыщIэ мыухыжри ди Тхьэ лъапIэм хузощI.

Зэгуэрым си ныбжьэгъу щIэхэм срагъусэу жэмхьэт Iуэхук Iэ къуажэ пхыдза гуэрым дыкIуэн хуей хъуат. Си щхьэгъусэм жесIащ си Iуэхур зытетыр. Дапщэщыт сыздэкIуэнумкIэ абы сечэнджэщу щыщытар? Зихъуниэн си гугъащ, арщхьэкIэ дэнэт - гуфIащ. ИтIанэ Сэлим сыбгъэдыхьэщ, быдэу IэплIэ ху эсщIри, гъуэг уанэ сытехьащ.

Мазищрэ никъуэкIэ сыкъэтащ. ХущIыхьэгъуэ тIэкIу зэрызгъуэту, унагъуэм сыкъэпсалъэрт, сабийхэм, си щхьэгъусэм я макъ зэхэсхмэ сыгуфIэрт. Ахэр икъукIэ сигу къэкIат, псом ху эмыдэу - Сэлим. Дапщэрэ сыкъэпсэлъами, Сэлим унэм щIэсу сыкърихьэлIакъым: зэм школым, зэм мэжджытым щыIэт. Си щхьэгъусэр, сигу къызэрыкIар щыжесIэкIэ, зэрылъэ лъу, и макъ дахэмкIэ дыхьэшхырт. Ауэ иужьым сыщепсэлъам абы и макъыр япэхэм хуэдэжтэкъым - нэщхъей дыдэт. Си гум фIы щыщIэнт, сыгузавэу «Сэлим сэлам схуехыж» щыжысIэм: «Алыхьым жиIэм» нэхъ къыпимыщэу, и макъыр бзэхащ.

…Унэм сыкъэсыжауэ бжэм соуIу, Сэлим къыIуихын си гугъэу, арщхьэкIэ, Хьалидщ, зи ныбжьыр илъэсиплI ирикъуа къудей си щIалэ нэхъыщIэрщ, къысIущIар. Си щхьэгъусэм и фэр пыкIауэ мыпсэлъэжыфу щытти, соупщI: «Сыт къыпщыщIар?» «Зыри» жи. Сэлим сигу къокIыжри: «Сэлим дэнэ щыIэ?». Хьалид къыдоуэри: «Сэлим Алыхьым тIихыжащ, - жи. - Ар жэнэтым исщ». Анэ тхьэмыщкIэ къызэфIэмэхар къэспхъуатэри диваным изгъэтIысхьащ. СыкъэсыжыНым тхьэмахуитI иIэжу щIалэ цIыкIур плъыржьэр, сымаджэ хьэлъэ къэхъури, сымаджэщым яшат икIи, нэхъыфI къэмыхъуу, и псэ тIэкIур щинат.

Дунеишхуэр пхуэмыхьыжу, гъащIэ гъуэгури къозэвэкI щыхъуу, г ужьеигъуэм ущызэщIикъуэм деж сыт къыпхуэнэжыр? «Уэ, дэ ди Тхьэ, гущIэгъу къытхуэщI!» - жыпIэ урэ улъэIуэн къудейрщ…»

ГЪУКIЭЛI Исуф.

МэчрэIил и мурадхэр къохъулIэ

●Духьэшыхэр

Налшык дэт мэжджытышхуэм цIыху куэд щопэкIу, псом хуэмыдэу мэрем махуэхэм. Жумхьэ (гупу ящI) нэмэзхэм жыджэру хэтхэм, жьантIэр зи тIысыпIэхэм ящыщщ Аруан къуажэм къыщыхъуа, мы зэманым Налшык щыпсэу, хьэрычэтыщIэу лажьэ Бейтыгъуэн МэчрэIил.

ЛIы бжьыфIэщ МэчрэIил, и нэгум нур гуапэ кърех. Гулъытэ жан зыхэлъщ. Псапэ ещIэ. Зыгуэрхэм яхуоупсэ ерыскъы IэфIкIэ, нэгъуэщIхэм - ахъшэкIэ, мэжджытым къакIуэ нэхъыжьыIуэхэм - тIысыпIэ тыншкIэ. МэчрэIил ищIа шэнт щабэ дахэ цIыкIухэр я унагъуэхэм къыщагъэсэбэп духьэшыхэм ящыщ зыкъомым.

Дызопсалъэ абырэ сэрэ. СоупщI ислъам диным зэрыдихьэха щIыкIэмкIэ.

- А УПЩIЭМ и жэуапыр си адэ-анэм я деж къыщожьэ, - жеIэ МэчрэIил - Мурат ефэнды къуэдзэт, Бабыци нэмэз ищIырт. Абыхэм сысабийуэ сагъэщIащ нэмэзыбзэр, фIыуэ сагъэлъэгъуащ муслъымэныгъэр. СыеджакIуэу нэщIын щIэздзащ. Зыкъом дэкIри, нэмэз щIыным сытегушхуащ. «Стрелкэ» хьэблэм щыIэу щыта «Нур» мэжджыт цIыкIум сыкIуэурэ, дин хабзэхэм сыхэгъуэзащ.

- Хьэж пщIынри дауэ пхуэзэфIэкIа?

- АбыкIэ фIыщIэ хузощI си малъхъэгъу Токъмакъ Муса. «НакIуэ» - жиIэри, сытригъэгушхуащ. «Си къарум дэхуэну пIэрэ?» - жысIэу, сыгупсысэщ заулкIи, сытегушхуащ. Иджы сыщогуфIыкIыж а къалэн лъапIэр зэрысхуэгъэзэщIам.

- Уи унагъуэр, Iыхьлыхэр дауэ хущыт дин Iуэхухэм?

- Си мызакъуэу, хьэж ищIащ си шыпхъу Нэлжани. ФатIимэт (си щхьэгъусэр), нэмэз хуэмыщIми, нэмэзыщыгъэ егъажэ, Тхьэм йолъэIу. Си щIалитIым - Заурррэ Анзоррэ - дин хабзэхэр яхуэмыгъэзащIэми, муслъымэныгъэ яхэлъщ, псапэ зыпылъ Iуэхугъуэ щхьэпэхэр зэфIагъэкI. Анзор Нарткъала щыIэ налог инспекцэм щолажьэ. Заур и IэщIагъэри и IуэхущIафэ псори зытеухуар псапэ щIэнырщ.

- Ар дауэ къызэрыбгурыIуэнур?

- Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэм иIэщ центр, хуэмыщIауэ псэухэм, зи закъуэхэм, жьы дыдэ хъуахэм, нықъуэдикъуэхэм ерыскъыхэкIкIэ ядэIэпыкъуу. А центрым и унафэщIщи, сэ зэрысщIэмкIэ, хузэфIэкI къигъанэркъым.

- ЖаIэу зэхэсхащ, МэчрэIил, уэ псапащIэ IуэхухэмкIэ къуажэдэсхэми уалъэIэсыфу. Ар пэж?

- Зи гугъу ящIар Бейтыгъуэнхэ ящыщ унагъуэ щхьэхуэхэм хьэжыгъэ, сэхуран дагъэ хуэдэхэмкIэ сазэрыхуэупсарагъэнщ. Сэ си гуапэщ фIы злэжьыныр. Аращ си мурад нэхъыщхьэхэр зыхуэунэтIари.

- Жьыщхьэ махуэ ухъуауэ къэплъытэркъэ?

- Абы шэч хэлъкъым. Сабий дэтхэнэми си гухэхъуэр къеIэт. Уэри гу лъыптауэ къыщIэкIынщ, жумхьэ нэмэз щытщIкIэ къызбгъэдохьэри, IэплIэ къысхуещI хьэж къыздэзыщIа Гъубж Аслъэн и къуэ цIыкIум. Махуэшхуэхэм деж ди унагъуэм къокIуэри, къакъэ-пщIыпщIу къыдбгъэдэсщ ди бынхэри, си къуэрылъху цIыкIухэри. Апхуэдэхэм деж си гурыфIыгъуэр гъунапкъэншэщ. Алхьэмдулиллахь!



Сурэтыр тезыхар ХЬЭМТУ МуIэедщ.

Епсэлъар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

ГъатхэпэмэМ и нэмэз щIыгъуэхэр

●Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	ПщэдджыжьыР	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, тхьэмахуэ	5.14	6.44	12.28	15.32	17.53	19.33
2, блыщхьэ	5.12	6.42	12.28	15.32	17.55	19.34
3, гъубж	5.10	6.41	12.28	15.33	17.56	19.35
4, бэрэжьей	5.08	6.39	12.28	15.34	17.57	19.37
5, махуэку	5.07	6.37	12.28	15.35	17.58	19.38
6, мэрем	5.05	6.36	12.27	15.36	18.00	19.39
7, щэбэт	5.03	6.34	12.27	15.37	18.01	19.41
8, тхьэмахуэ	5.02	6.32	12.27	15.37	18.02	19.42
9, блыщхьэ	5.00	6.30	12.27	15.38	18.04	19.43
10, гъубж	4.58	6.29	12.26	15.39	18.05	19.44
11, бэрэжьей	4.56	6.27	12.26	15.40	18.06	19.46
12, махуэку	4.55	6.25	12.26	15.41	18.07	19.47
13, мэрем	4.53	6.23	12.26	15.41	18.09	19.48
14, щэбэт	4.51	6.21	12.25	15.42	18.10	19.49
15, тхьэмахуэ	4.49	6.20	12.25	15.43	18.11	19.50
16, блыщхьэ	4.47	6.18	12.25	15.44	18.12	19.52
17, гъубж	4.46	6.16	12.25	15.44	18.13	19.53
18, бэрэжьей	4.44	6.14	12.24	15.45	18.15	19.54
19, махуэку	4.42	6.12	12.24	15.46	18.16	19.55
20, мэрем	4.40	6.11	12.24	15.46	18.17	19.57
21, щэбэт	4.38	6.09	12.23	15.47	18.18	19.58
22, тхьэмахуэ	4.37	6.07	12.23	15.48	18.19	19.59
23, блыщхьэ	4.35	6.05	12.23	15.48	18.21	20.00
24, гъубж	4.33	6.03	12.22	15.49	18.22	20.01
25, бэрэжьей	4.31	6.02	12.22	15.49	18.23	20.03
26, махуэку	4.29	6.00	12.22	15.50	18.24	20.04
27, мэрем	4.28	5.58	12.22	15.51	18.25	20.05
28, щэбэт	4.26	5.56	12.21	15.51	18.27	20.06
29, тхьэмахуэ	5.24	6.54	13.21	16.52	19.28	21.07
30, блыщхьэ	5.22	6.53	13.21	16.52	19.29	21.09
31, гъубж	5.20	6.51	13.20	16.53	19.30	21.10

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.

Ар хэкIыпIэ Iейщ

●Абы дегъэпIейтей

И УЖЬРЕЙ зэманым куэдрэ жаIэу зэхыдох гъащIэр гугъусыгъу зэрыхъуар, цIыхухэм куэд зэрахэщIыр. Хэт фадэм ехь, хэти автомобиль зэжьэхэуэм хокIуадэ, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэри етащ. А псоми къадэкIуэу, щхьэусыгъуэ гуэрхэм я зэранкIэ, зи щIалэгъуэ, зи дахэгъуэ зыкъомым заукIыж.

Ар сыту Iуэху игъуэджэ. Хэт щхъухь бзаджэ зрехьэлIэ, хэти щхьэпылъэ зещIыж…

ЦIыхум нэхъ лъапIэ Алыхьым къигъэщIакъым, псэр къытхэзылъхьари тхэзыхыжыну хуитри Тхьэ лъапIэрщ.

ЦIыху хей зыукIым дунеймкIи тезыру укI къелэжь, ахърэтымкIи кIэ имыIэу жыхьэнмэм исынущ. Ар цIыху зыукIым хуэфащэщ. ЗызыукIыжым сыт къилэжьыр?

Япэ щIыкIэ фыщызгъэгъуэзэнщ психологиер зыджхэм я Iуэху еплъыкIэм. Абыхэм къызэралъытэмкIэ, зызыукIыжым и щхьэр фIыщэу елъагъури, зыгуэр хущыщIэмэ, зыщIэхъуэпс гуэрым лъэмыIэсамэ, фIыуэ илъагъу фIэкIуэдамэ е сатум хилъэфамэ, удынышхуэ хуохъури, къыщыщIар ямылейуэ зыхещIэ, зеукIыж.

Къэрабгъэщ зызыукIыжыр. ГъащIэм зыщрихьэлIэ гугъуехьхэм ягъэдзыхэ, дунейм и IеипIэхэрщ илъагъур (апхуэдэхэр къэралым пашэ щыхуэхъуи щыIэщ), зыпэщIэувар къытекIуэмэ, мыхъун илэжьарэ щIэщтэжамэ, зиукIыжынкIэ мэхъу.

Сыт хуэдэ тезыр тралъхьэрэ зызыукIыжыну хуежьэу, мылIэу къызэтенам?

Зыри тралъхьэркъым, и щхьэр тэрэзу щымыту аращ зэрабжыр. ЛIэныгъэр зи нэгу щIэкIыу къэхъужам абы нэхърэ нэхъ тезыр хьэлъэ теплъхьэфын?

АтIэ мы Iуэхум теухуауэ сыт диным жиIэр?

Дин псоми ягъэхьэрэм нэгъуэщI цIыху букIынри зыбукIыжынри. Алыхь Иным и псалъэщ мыхэр: «Фи IэкIэ зывмыукIыж. Алыхьыр фэркIэ гущIэгъущIщ… Залымыгъэрэ хабзэншагъэрэ зыщIэр дэ мафIэм едгъэсынущ. Ар Алыхьым и дежкIэ гугъукъым»

(Сурэ 4, Iэятхэу 29, 30).

Бегъымбар лъапIэм жиIащ: «ГъущI кIапэкIэ зызыукIыжыр жыхьэнмэм хэсынущ, гъущI кIапэкIэ зэуэжу.

Щхъухь ефэу зызыгъэлIэжыр жыхьэнмэм хэсынущ, щхъухь ефэу. ЗыпызылъэжыР жыхьэнмэми зыщыпилъэжу щыIэнущ».

Швецием и цIыхухэм нэхъ хэхъуэшхуэ зиIэ зы къэрали щымыIэу ябж. Абы нэхърэ нэхъыбэу цIыхум зыщаукIыж щIыналъи щыIэкъым. Швециеми, нэгъуэщI къэрал Iэджэми нэхъ куэдрэ зыщызыукIыжыр… беижьхэрщ, зыхуей псори зыгъуэтхэрщ. Сыт ахэр нэхъ къэзыгъэдзыхэр?

Узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм, жыгъэм, и хьэрхуэрэгъур къызэрытекIуэм, и IуэхущIапIэм къыщыIуагъэкI къызэрыхьум, ахъшэ зэрыфIэкIуэдым, жыпIэнуракъэ, щхьэусыгъуэ «жыгъейхэм».

Мыри гу зылъытапхъэщ: езыхэм яфIэфIу дунейм ехыжахэм я нэхъыбэр диныншэхэрщ. Муслъымэн нэсым къыгуроIуэ и псэр Алыхьым зэрыIэщIэлъыр, и хъуэпсапIэр къехьулIэн папщIэ Тхьэм зэрелъэIупхъэр, Абы нэхърэ нэхъ дэIэпыкъуэгъуфI зэрыщымыIэр. Аращи, Iиман зиIэм зиукIыжынукъым.

Зи гугъу тщIар лажьэшхуэщ, мыгъуагъэшхуэщ, лъэпкъ Iуэхущ. Абы ди цIыхухэр щыдвгъэхъумэ.

ХЪУАЖЬ Мухьэмэд-Хьер, *диным и лэжьакIуэ.*